



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN BIDJÈ ANE FISKAL 2022 A EPI ANONSE KONTINITE REDIKSYON TAKS POU KLAS MWAYÈN NAN POU EDE NOUYOKÈ YO REKIPERE DE DIFIKILTE EKONOMIK PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

*Yo prevwa pou rediksyon yo ekonomize plis pase 2.2 milya dola ane sa pou 4.8 milyon Nouyòkè*

*Lè tout rediksyon yo antre an vigè konplètman, kontribiyab klas mwayèn yo ap resevwa yon to taks sou revni ki redui jiska 20 poustan; yo pwojte 4.2 milya dola ekonomi anyèl pou sis milyon kontribiyab benefisyè vè 2025*

*Lejislasyon an adopte kredi enpo sou pwopriyete pou klas mwayèn nan pou pwopriyetè kay rezidan nan New York ki gen revni jiska 250,000 dola; Sible fanmi New York ki gen enpo sou pwopriyete ki pi elve yo sou chaj revni yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke bidjè ane fiskal 2022 a kontinye sipòte rediksyon enpo sou revni klas mwayèn nan pou ede Nouyòkè yo rekipere de difikilte ekonomik pandan pandemi COVID-19 la. Rediksyon yo, ki te adopte an 2016 epi ki nan katriyèm ane yo kounye a, prevwa ekonomize plis pase 2.2 milya dola an 2021 pou 4.8 milyon Nouyòkè. Lè tout rediksyon yo konplètman antre an vigè, kontribiyab klas mwayèn yo ap resevwa yon to taks sou revni ki redui jiska 20 poustan, k ap fè si milyon benefisyè ekonomize 4.2 milya dola pa ane vè 2025. Pandan nouvo to yo ap antre an vigè, yo pral vin to taks ki pi ba pou klas mwayèn lan nan Eta a depi plis pase 70 zan.

Bidjè a bay tou yon kredi taks sou revni pèsònèl pou mèt kay rezidan New York yo ki gen revni ki rive jiska 250,000 dola si taks total sou pwopriyete yo depase yon pouvantaj fiks revni yo. Estrikti sa a sible fanmi New York yo ki gen taks sou pwopriyete ki pi wo pou fado sou revni. Kalkil kredi sa a gen limit 350 dola pou chak fanmi ki kalifye pou STAR, pandan l ap itilize yon kredi minimòm 250 dola pou sible plis mèt kay ki afekte pi plis akòz taks sou pwopriyete ki wo yo. Yo prevwa reklamasyon yo ap bay an mwayèn 340 dola pou 1.1 milyon Nouyòkè, k ap bay plis pase 382 milyon dola ekonomi total. Mèt kay ki kalifye yo pral kapab reklame nouvo kredi Rediksyon Taks sou Pwopriyete sa a pou ane 2021, 2022 ak 2023 ki ap gen taks yo.

"Pandan tout pandemi COVID-19 la, li te vin deplizanpli difisil pou anpil Nouyòkè k ap travay di peye fakti yo epi sipòte fanmi yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan n ap kontinye relanse rekiperasyon ekonomik nou an, reouvri sosyete nou an nan tout sekirite epi konstui yon avni ki pi briyan pou pitit nou yo, rediksyon taks sa yo ap bay

soulajman ki tèlman nesesè lè I remete lajan nan pòch Nouyòkè klas mwayèn yo. Pa gen dout ke eta nou an ap rebondi pi solid epi pi byen ke anvan, epi annatandan, li enpòtan pou nou sipòte Nouyòkè ki te ede nou travèse kriz sa epi pran mezi pou rekonstui yon ekonomi ki fonksyone pou tout moun."

**Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare**, "N ap franchi yon etap istorik pou bay soulajman ki enpòtan nan taks sou pwopriyete pou Nouyòkè klas mwayèn yo. Anplis, mwen fyè ke bidjè sa bay rediksyon taks sou revni pou klas mwayèn nou te pwomèt la. Majorite Sena a te goumen pou soulajman difisil sa epi pandan lontan pou pwopriyetè kay yo, espesyalman sila k ap peye montan ki pi wo nan revni yo nan taks fonsye. Kounye a, plis pase yon milyon Nouyòkè k ap travay di ap resevwa soulajman sa. Se te yon ane difisil pou anpil moun nan eta nou an, e mwen kontan ke lè nou travay ansanm, n ap livre rezulta k ap ede soulaje presyon finansye pou sila yo ki bezwen pi plis yo".

**Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare**, "Bidjè ane sa te enpòtan pou ede fanmi atravè eta a relve nan kriz sante ak ekonomik aktyèl la ak enpak devastatè yo. Rediksyon fiskal sa yo se yon soulajman ki nesesè pou anpil pwopriyetè kay ak Nouyòkè klas mwayèn, anpil nan yo ap goumen kont efè alontèm pandemi an. Majorite Asanble a ap kontinye travay pou rekonstui ekonomi nou an epi mete fanmi New York yo an premye".

Bidjè Ane Fiskal 2022 ki Adopte a kontinye bese to Taks sou Revni Pèsonèl yo pou Nouyòkè yo ki nan klas mwayèn nan. An 2021, ki se katriyèm ane nan kad rediksyon taks sou plizyè ane yo te adopte an 2016 la, yo te redui to taks sou revni yo soti nan 6.09% rive nan 5.97% pou kontribiyab yo ki deklare ansanm nan tranch revni ki ant 43,000 dola - 161,550 dola ak soti nan 6.41% rive nan 6.33% pou sila yo ki nan tranch revni ki ant 161,550 dola - 323,200 dola. Pandan kat premye ane rediksyon an, 4.8 milyon Nouyòkè te ekonomize 6.6 milya dola.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)